# ГЬУДУЛЛЪИ

ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 81-82 (10153-10154) | 4 декабрь | Рузман | 2020 сон


# ЭБЕЛАЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЪАБУНА



Эбел! Гьеб рагIиялъулъ буго инсанасул тIолабго гIумру. Цо нухалда МухIаммад аварагасде (с.т.гI.в) аскIове вачIун вуго цо асхIаб ва цIехон буго: Бищун цIикIкIун жиндир адаб тIалъулев чи щивин абун.

ХIабибас (с.т.гI.в) жаваб гьабун буго: "Дур эбел".

-Хадув щив?

-Дур эбел

-Хадув

-Дур эбел.

АсхIабас ункъабизеги гьебго суал такрар гьабидал аварагас (с.т.гI.в) абун буго: "Дур эмен вугилан". (Муслим Бухари).

ХIакъикъаталдаги, бугищха нилъеца улбузул, шаргIалъ тIалаб гьабухъе, адаб гьабулеб?

Узухъда, гьечIо. Бугин ахIи балелги камизе ратиларо ва амма гьелъиеги нилъеда жаваб батула гьаб хIадисалда жаниб. Цо нухалда аварагасда (с.т.гI.в) къотIнов дандчIван вуго гIодулаго вачIунев асхIаб "Дуе щиб лъугьараб?" абун цIехон буго аварагас (с.т.гI.в). Гьес жаваб гьабун буго:

"Я Бичасул авараг, рахана дие алжаналъул цо нуцIа, къадаралде щвана дир эбел. Дица тIубалаан гьелъул щибаб мурад. БецIанищ дица эбелалда цебе бугеб налъи? ХIабибас жаваб кьунила: "Дуца гIумруялъ кодой ккун хьихьанигицин бащалъуларо дур хъулухъ мун дунялалде вачIунелъул гьелъ хIехьараб унтуда"-ян.

Гьелъухъего, бецIун бажарулеб налъи гуро нилъер улбузда цебе.

БичIчIун буго гьеб пачалихъалдаги. Ва лъагIалида жаниб цо къо "Эбелалъул къолъун" рагIинеги гьабун буго.

Эбелалъул къиматалъулги ва гьелъул гьабизе кколеб адабхIурматалъулги бицине, лъимал гIемерал улбулги ахIун гьитIинабго дандчIвай гьабун букIана культураялъулгун КЦСОНалъул хIалтIухъабаз.

ДандчIвай гьабуна культураялъул фойеялда. Гьенибго гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул бетIер Руслан ХIамзатовас, КЦСОНалъул директор Сейдула МухIамадовас.

Районалъул бетIерас улбуздехун вуссун гьезда байрамги баркулаго абуна.

-Эбел. Гьей ккола бищунго гIагарай ва хирияй гIадан щивав инсанасе. ГIицIго гIумру кьун гуреб, гIумрудул нухда гIорхъи гьечIеб квербакъиги букIуна гьезул. Дида ракIалдаса унаро Расулил гьал рагIаби:

Целую низко голову склоня,
Я миллионы женских рук любимых
Их десять добрых пальцев для меня
Как десять перьев крыльев лебединых.
Я знаю эти руки с детских лет
Я уставал они не уставали
Неся Земле свою любовь живую
И снова, низко голову склоня,
Я эти руки женские целую.

ХIакъикъаталдаги, гьечIо лъималазе эбел гIадаб хазина. Гьарула щияй эбелалъе талихIаб хъизан, щулияб сахлъи, лъималаздасан чIухIи.

Гьединго Р. ХIамзатовас улбузе сайгъаталги кьуна.

Баркиялъул кIалъай гьабуна КЦСОНалъул директор Сейдула МухIамадовас.

-ХIурматиял улбул, баркула нужеда жакъасеб къо.

ХIакъикъаталдайин абуни, бачIанщинаб къо-гьеб улбузул къо буго. Къо бихьизабиялъул гIаламат гIицIго цоги нухалъ баркизе багьана щвей, рес щвей ккола. ХIадисалда абулеб буго: "Лъимер гьабидал чIужугIадан Аллагьас яцIцIад гьаюлила цере гьарурал мунагьаздаса". Аллагьас гьеб рацIцIалъиги цIунун, цохIо жиндаго гурони лъалареб даражаги щун кIодо гьареги нуж. Ва къабул гьабе нижер рахъалъанги гьитIинабго сайгъатиланги абун улбузе конвертал рикьана.

Тадбир берцин гьабуна культураялъул хIалтIухъабазул цере рахъиналъги, школалъул цIалдохъабаз рикIкIарал кучIдузги.

Гьединго улбузе рес щвана живго районалъул бетIерасде хитIаб гьабун жидерго унтул бицине.

Хас гьабун рорхана: больницаялъулгун поликлиникаялъул хIалтIухъабазул бербалагьиялъул, садиказда бакIал щунгутIиялъул, нухазда кватIун рокъоре рачIунел лъималазе канлъи гьечIолъиялъул ва лъел гь.ц. суалал.

Районалъул бетIерас щибаб суалалда тIасан чIванкъотIараб жавабги кьуна ва бокьараб суалгун жинда аскIор рачIине бегьулин абуна.

Гьединан, аваданаб ва ургъел бикьиялъулаб ахIвал-хIалалда тIобитIана эбелалъул къоялда хурхун тIобитIараб тадбир.

Жидерго рахъалъан улбуцаги баркала загьир гьабуна гьабураб лъикIаб бербалагьиялъухъ.

Аллагьас тавпикъ кьеги нилъер щивасе эбелалъул, умумузул адаб гьабизе. ЧIаго ругел щулияб сахлъигун таги, дунял тун арал Аллагьасул гурхIел щварал ратаги.

"Эбелалъул хIатIикь алжан бугила"
Къойилго рагIунел гьал хIадисалги
ХIисаб гьабичIого унеб гIумруги
Кодоса тIун унеб алжанул тIегьги.

ЛахIзат тирилалде росдал хабалалъ,
Улбузул хабада бижунеб херги
Вореха вац-яцал амру нужеда,
Улбул рази гьаре чIаго рукIадго!

**З. МУХIАМАДОВА**

Фазу ГІалиева гьаюралдаса 88 сон тІубаялде

# ТІогьолъ рии чІола, гІазу баниги



Гьале тІаде щолеб буго шагІир гьаюраб къо. 1932 соналъул щуабилеб декабралда хундерил тІалъиялда йижана йикІинесей Дагъистаналъул машгъурай халкъияй шагІир, рагІул устІар Фазу ГІалиева. Фазуца магІарул адабияталъулъ ва магІарул чIужугІаданалъул гІумрудулъ тана лъикIлъиялъулги, пагьмуялъулги гъваридаб лъалкI.

Гьелда бан республикаялдаго тІоритІулел руго Фазу гьаюралдаса 88 сон тІубаялда хурхарал тадбирал.

ГьитІинаб къоялдасаго дие Фазул творчество букІана насихІатазулги, тарбиялъулги, гьудуллъиялъулги мугІалимлъун. Дипломныяб хІалтІуе тема тІаса бищулаго дие ккана "Женщина Дагестана" как тип женского издания" абураб суалалда тІасан хІалтІи.

Дица къалмикье росарал 1985-2015сс рукІана «МагІарулай» журналалъе Фазуца нухмалъи гьабулел. БитІахъего, рагьун цебе лъуна Фазул гІуцІарухъанлъиялъулгун хъвадарухъанлъиялъул махщел.

СССРги биххараб улкаги накалде ккараб, хІалтІиги гьечІого гІадамазул гІумруги захІмалъараб, гьелдаго цадахъ коммунизмалъул бичІчІиялда гІуцІарал газет-журналалги къараб заманалда гьабизе жо тІагІарал, ине нух лъаларел аза-азар магІарул руччабазе унго-унгояб кумекчилъун батана "МагІарулай" журнал.

Гьеб журналалъ гьорлъе биччачІо кинабгІаги чороклъиги, гІарцуе бокьухъе макъалаби кьолеб гІадатги. МагІарул хаслъиги цІунун руччабазе кумекалъе: рагІудалъун, ишалдалъун щиялъухъе гьоболлъунги гьудуллъунги къокъана гьеб.

Фазу ГІалиевалъул переводчица Греттаца хъвалеб бугоан гьадин: "Я ее сразу узнала: истинная Дагестанка, другая бы не могла написать таких романов, где не образы, а живые люди, которые и меня позвали в Дагестан".

Фазуца абулеб бугоан:



"Дие бокьун буго журнал гІицІго рекІелгъеялъул тІамачлъун гуреб, гІумрудул щибаб ишазулъ лъугьа-бахьиналъулъ мисалияблъун букІине. Биччанте гьелъ малъизе рес къотІарал руччабазда гІумру гьабизе, биччанте гьеб букІине гІузру бицун аскІоре рачІаразе кумек балагьулеблъун, гьел цІунулеблъун. Нижехъе рачІунел кагътазулъ буго руччабазул бухІи, ургъел. Ва гьезие кумек бати -гьеб ккола дир налъи. "МагІарулай" гьеб буго дир къисмат".

ШагІиралъ жиндирго кучІдузулъ ахІулел руго гІадамал лъикІлъи гьабиялде.

ШагІиралъ хъвалеб бугоан:

Нилъеца гьарурал мунагь, гьалатІал,
ТІасан гІор аниги рацІцІалъуларо,
Гьел рацІцІад гьарулеб зам-зам лъин буго,
ЛъикІлъи гІадамазе гьабизе кІвани.

Фазул цІар тІоцебе дида рагІана школалъул къадазда жаниб гуреб. РакІалда буго дир лъимерлъуда цІакъ бокьулаан дие чІахІиял руччаби ракІарараб бакІалда кІусизе. Цо пуланаб къоялъ цІакъ магІу тІун гІодулей гІаданалда "Сабру гьабе яц, сабру-ян гІакълу кьолел руччаби рукІадго гьелъ кьураб жаваб "ЦІакъ бигьаго буго нужее сабруйин абизе". Дир талихІ къараб къисматалъе Фазул кочІолъ гурони чучине бакІго батичІо дида.

Щиб къо бихьаниги цо дару сабаб,
«Сабру, сабру», – йилан кьолел гІакълаби,
Сабруги биххула хІатІикь кьурулъун,
Васал рукъулелъул улбузул чорхолъ.

ХІакъикъаталдаги Фазуда чІужугІадан цІакъ лъикІ йичІчІуней ва гьелъул ургъел гьелъ жиндего тІаде босулеб куц щибаб кочІолъ, харбазулъ ва журналалъул гьурмазда бихьулеб буго.

Йиго гьей жакъасел гІун рачІунел шагІирзабазе мисаллъунги. Гьадинан хъвалеб буго АнсалтІа росулъа гІолохъанай шагІир Асият Жаватхановалъ.

Фазу, дур кочІоца жеги гьитІинго
ТІахьаздехун рокьи бижинабуна
Бераздa йихьичІей хундерил шагІир
Дур шигІрабаз дида куркьбал рижана.

Дунял тун аниги, Фазу, дур кучІдул
Кидаго рукІина нижер ракІазулъ
Ниж шагІирзабазе даим мисаллъун.
ХутІила мун цее тІолго гІумруялъ.

Фазул хІакъалъулъ гІемераб жо абизе ва хъвазе рес буго. Амма бокьун буго гьелъул гІумрудул гьудул Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухІамадовасул рагІабаздалъун макъала лъугІизе тезе.

Дуда гьаб гьуинаб цІар лъица лъураб,
Дун гьалаг гьавулеб гьоцІоги гьорлъ лъун
ЦІадулаб батила гьаб ункъабго хІарп,
Дир рукьбал рорлъана пириялъ гІадин.

"Фазу",-ян ахІидал, рухІ басандула,
Рoржаде напслъула нусабго лага
Дуниял къалъула бакъ тІерхьаниги,
ТІогьолъ рии чІола, гІазу баниги.

**З. МухІамадова**



# Гьидаят







Иблис нахъе бачахъун, Аллагьасул цIаралдалъун байбихьи гьабилин.

ТIадегIанав Аллагьас къаламги бижун гьелде амру гьабунила «Хъвай!» абун.

-Я бетIергьан Аллагь, сундаса дица байбихьи гьабизе бугеб хъвазе?

-Дуца байбихьи гьабе «Ла илагьа илла Ллагь МухIаммадан Расулуллагь» абураб калимаялдаса,-ян амру гьабунила цIидасанги Аллагьас.

-Я дир БетIергьан «Ла илагьа иллаЛлагь» гьеб дур хирияб цIар. Гьеб дида лъала, БетIергьан Аллагь. «МухIаммад Расулуллагь»-гьелъул магIна щибан гьикъанила къаламалъ. Аллагьасул гьелде дагьабго щим бахъанила, дунял-гIалам жиндие гIоло бижарав МухIаммадил (с.гI.в.) цIар гьедин адаб гьечIого кинан дуца бахъулеб бугеб. Дица, гьев авараг (с.гI.в.) вукIинчIевани я мун, я гIарш-курс, я зобал-ракьал, я гIалам- щибго жо бижине букIинчIин,-абун.

РакI бухIун, гIодун, тавбу гьабун къаламалъ Аллагьасда тIаса лъугьаян гьарулеб буго. Цинги байбихьулеб буго къаламалъ хадусеб жо хъвазе. Адам аварагасдаса (гI.с.) бахъараб, нилъер аварагасде (с.гI.в.) щвезегIан умматазе бугеб жаза хъвазе байбихьун буго.

МутIигIасе алжан, гIасиясе жужахIабун хъвалеб букIун буго киналго умматазе. Нилъер умматалде щвараб мехалъ, киназего хъвараб жо нилъер умматалъеги хъвазе бокьараб мехалъ, Аллагьас буго цIехолеб, я къаламила, дуца щиб гьабизехъин бугеб,-абун.

-Киналго умматазе хъвараб жо МухIаммадил(гI.с.в.) умматалъеги хъвазехъин букIанаха, я БетIергьан Аллагь,-абун буго къаламалъ.

-Дица дуда гьев кинав чи вугев бицинчIищ, къалам. Цоги умматазе хъвараб гьесул умматалъе хъвазе бегьилищ?-абун буго Аллагьас. Къаламалъ цIидасанги гьикъанила,-щибха бетIергьан Аллагь дица гьезие хъвалеб?-абун. Дуца гьезие хъвайилан абунила ТIадегIанас.

-МухIаммадил уммат буго мунагьал гIемер гьарулеб уммат, гьезул БетIергьан Аллагь вуго-гьезул мунагьал чурулев БетIергьан Аллагь. Гьедин хъвай дуца гьезие,-абун буго Аллагьас.

**(МагIна. ХIасан-хIажил к1алъаялдаса босараб).**

Гьев аварагасул (гI.с.в.), жиндир нуралдаса дунял-гIалам бижарав аварагасул (гI.с.в.) умматлъун нилъ ратиялъе щукруги гьабун, гьев жинда жанив гьавураб хирияб моцIалъул хIурматги гьабун, Микрорайоналъул стадионалда тIобитIана кIудияб мажлис.

Тадбир байбихьана Къуръаналъул аятал цIалиялдалъун. ТIаде рачIарал гьалбадерица гьаруна вагIзаби. «Чиркей» группаялъ, Рамзан Меджидовас ва ГIабдурахIман ХIажиевас авараг (с.г1 в.)кIодо гьавун, ахIана нашидалги мавлидалги.

КIалъазе рагIи кьун, цеве вахъарав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас баркана киназдаго гьеб баркатаб мажлис.

-Ас-саламу гIалайкум, хириял диналъул вацалгун яцал!

ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго баркала кьезе тIаде рачIарал гьалбадерие, гьединго кIудияб баркала буго гьаб тадбир гIуцIиялда квербакъарав щивасе. Гьадин киназго, кIудиязги гIисиназги Авараг (с.гI.в.) гьавураб къо кIодо гьаби гIадаб рохел, цоги кинабха бук1инеб.

Баркула киназдаго гьаб къо, Аллагь тIаса лъугьун ватаги нилъехъа ккарал мунагьаздаса, нилъеца гьабулеб мавлидги РахIманас къварилъизахIмалъаби, унтаби тIаса инариялъе сабаблъун гьабеги.

Дун цIакъ вохарав вуго жакъасеб тадбиралда гIалимзабаз ва харабаз гIахьаллъи гьабиялдаса, щай гуроги, гьел гьаруна Аллагьас жидер даража борхаразда гьоркьоса. Гьел ккола нилъее мисаллъун ва багьа гьечIеб хазиналъун, гьезухьа босула нилъеца гIакълу-лъай, тарбия. Гьел ккола цебесебги гьанжесебги гIумрудул бухьен гьабулел гIадамаллъун.

Гьаб байрамалда лъималги г1емер рихьула дида. Дир щакльи гьечIо гьезда гьоркьосаги цо-цоял кIудиял гIалимзаби рахьине рук1иналда. Аллагьасул нух ккурал, эбел-эмен разиял, дуньялалъулго чIухIилъун лъугьаги гьел.

Нилъер буго гIалимзаби гIемераб район. Нилъер ракь ккола гIелмулъай бугез жидерго лъалкI тараблъун. Дир ракIчIараб буго гIун бачIунеб гIелалъги район машгьурлъизабизеги гьелъул цIар цебетIезабизеги букIиналда.

Цоги нухалъ баркула киназдаго гьаб къо, гьадинал тадбиралги гIемерлъаги. Гьез халкъ цолъизабула, гIадамазда гьоркьоб гьудуллъи-гьунки щулалъизабула. ТIаде жоялъе, инсанасул диналдехун бугеб цIай цIикIкIинабула ва гьесул ракI бацIцIалъизабула. Жакъа гьанир данде гьарурал гIадин, метер алжаналдаги данде гьареги Аллагьас нилъ.

Мажлисалъе хасаб чIаголъиги берцинлъиги кьуна цIияб хъизан гьабурал бахIараз ва батIаго лъун, батIибатIиял нигIматаз къачIараб гьезул столалъ. Районалъул бетIерасги гьезда ригьинги баркун сайгъат гьабуна телевизор. БахIарасе «хIинкъабиги» кьуна бахIарай жавгьар гIадин цIунейин ва гьелъул гьал сверухъ ругел киналго вацали кIочонгейин, нагагьлъун гьелъул ракI бекараб рагIи абизе ккани. Гьанибго абичIого гIоларо, бахIарай йиго гIурусай, гьанжего-гьанже ислам босарай яс.

КIалъазе вахъарав районалъул имам АхIмад Къурбановас мажлисалда гIахьаллъараздаги, гьенире рачIинерес рекъечIел киналго районцоездаги, гьединго Дагъистаналъулги тIолабго дунялалъулги бусурбабазда баркана гьеб хирияб моцI ва щукруги гьабуна МухIаммадил (с.гI.в) умматалдаса нилъго ратиялъе.

Гьес къокъго бицана аварагасул (с.гI.в) гIумрудул хIакъалъулъ ва абуна нилъеца мисал босизе гьесдаса мустахIикъав чи вукIинчIин я вукIинеги гьечIин абун.

Районалъул имамасги течIо бахIарал сайгъат гьечIого, кьуна гьезие гьан ххенолеб машинка ва хинкIал кванaзе рачIинеги рагIи кьуна.

Гьелдаса хадуб тадбир бачунесда хадуб такрар гьабун битIана аварагасде (с.гI.в) салават. Гьениб чIахIиязул гьаракь кьинабуна гьеб салават битIулел лъималазул гьаракьалъ.

Лъималазул рехсей ккедал, гьанибго бицинин дунго вохизавураб гьитIинабго лъугьа-бахьиналъулги. Стадионалъул къел ракьан чIван унев цо гьитIинав гIолилас, вукIун ватила гьев 7-8 классалъул цIалдохъан, цебе батараб кинабго рищни-къул бакIарана ва щвезабуна урнаялъубе. ГIодоб рехун батараб кинабго жоги бищун гьелда сверухъги гьабуна гьес гьебго рацIцIа-ракъалъи. Щив вугевги лъаларо, цIарги дица гьесул гьикъичIо. Аллагьас гIоло гьабураблъун ва Аллагьас кири кIодо гьабураблъун батаги гьес гьабураб гьеб лъикIаб гIамал.

ВагIза-насихIатазул пайда цIикIкIараб, нашидаз берцин гьабураб, гIисиналги чIахIиялги разияб, хасго лъималазе рохеллъун ккараб гьеб мажлис къана ХIасан-хIажица гьабураб гIаммаб дугIаялдалъун.

**А. Агъларов**

**Ред. ХIурматиял районцоял, лъала нижер гIайибалдалъун гьечIониги, гьаб материал кизиялда бахъизе кватIун ккана. Бугониги, бокьичIо берцинго, гIадлу-низамалда тIобитIараб гьеб баркатаб тадбир лъечIого тезе.**

# РухIияб централде сапар бухьана



МахIачхъала-Каспийск шагъаразда гьоркьоб бугеб байданалда балеб буго ГIиса аварагасул(гI.с) цIаралда бугеб Европаялдаго бищун кIудияб бусурбабазул рухIияб центр .
ГьелЪие бихьизабун буго гIатIидаб план. ЦIалул тадбиразе, исламияб тарбия щвеялъе, хIухьбахъиялъе ва цогидалги ишазе рихьизарун ругоан хасал проектал: мажгит, муфтият, школа, больница, курорталъулаб центр. Объектги балеб буго гIадамаз садакъа гьабураб гIарцухъ, гьединан щивав чиясе рес щолеб буго гьеб кIвар бугеб ишалъулъ гIахьаллъи гьабизе.

Дагъал церегIан къоязин абуни, нилъер районалдасаги вакилзабаз сапар бухьана гьенибе. Районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, районалъул Собраниялъул председатель МухIамаднаби ГIумаровас, районалъул имам АхIмад Къурбановас, жамагIаталъул вакилзабаз ва районалъул гIолохъабаз балеб объектальул хал-шал гьабуна. СултIан ГIусмановас мухIканго кинабго жо бихьизабуна ва бицана гьалбадерие. Аслияб куцалда кIвар кьуна ГIиса аварагасул (с.гI.с) цIаралда балеб мажгиталъе. Гьелъул хIакъалъулъ СултIаница гьадин бицана:
-Гьаб мажгит ккола комплексалда бищун кIудиязул цояблъун, 26 гектаралда тIад банги буго. Гьалъул анлъго минарабиги руго. Балебги буго щулаго, ракь багъариялъул ичIго балл хIехьолеблъун, ва гьединго цIа ккеялдаса цIунараблъун. Гьелъие киналго шартIал тIуранги руго. ТIадежоялъе, лъикIго цIаялдаса гьеб цIунун букIине гIоло жанисаги къватIисаги ккун букIине буго плита. Бещизе ккараб жо буго нилъеда гьаниб бихьулеб кинабго жо халкъалъ садакъалъе биччараб гIарцухъ гьабураб букIин. Щибаб гамачI, щибаб гьапу, щибаб салул горо- гьеб буго гIадамазул рахъалдаса садакъа. ХIадисалда буго: "лъица мажгит бараб, Аллагьас гьесие Алжаналда рукъ балилан". Гьеб даражаялде бахаги щивасул садакъа.
Мажгиталда сверухъ 20 гектаралда лъезе руго батIибатIиял декоративиял гъутIби. Гъоркьиса лъунги рукIана 2500-ялде гIагарун гъутIбузул къадар, гьезда гьорлъ уна зайтуналъул(оливковое) гъутIбицин. Гьеб парк-аллея буго бахIарчилъи гьунар бихьизабурал нилъер медиказул цIаралда рагьизесеб.

Парк гуребги, гьанибго гIуцIизе руго спортивияб комплекс, школа, ясли-ах, хIежалъул отдел, руччабазе динияб лъай кьеялъул центр "Гьидаят" ва гь.ц. РекIее гIолеб жо цоги буго: сакъатал гIадамазе, инвалидазе рекъезарун рукIине руго шартIал, инвалидазул гьокоялда ругезе лифт букIине буго.
Мажгиталъул нуцIби рагьарал руго бусурбабазеги, дин батIиязеги.

Бихьаралъе къимат кьолаго районалъул бетIер Р. ХIамзатовас абуна:.
—Ас-саламу гIалайкум, хириял диналъул вацал. ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго гьаб объекталъ дир рекIелъ гьабураб асаралъул бицине. Дун цIакъ вохаравги чIухIаравги вуго гьадинаб кIудияб планпроект нилъер Дагъистаналда гIуцIиялдаса. Гьалъ цолъизарулел руго киналго дагъистаниял.
Балеб бугеб рухIияб центр бихьидал, дида ракIалда щолеб буго Мадинаялда бугеб аварагасул (с.гI.с) мажгит. ХIежалда вукIараб заман буго дир гIумрудул бищун лъикIаб ракIалдещвейлъун. Жакъа гьаб объект бихьун хадуб, дие цоги нухалъ бокьана хIежалде ине.
Дир хьул буго гьаб централъул баракаталъ нилъер халкъал цолъизарилин, гьудуллъи-гьуинлъи щулалъилин. Гьадинал, жидер кIвар цIикIкIарал объектал гIемерлъаги нилъер Дагъистаналда.

Жиндирго пикру загьир гьабуна АхIмад Къурбановасги:
—Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь.
Нилъее хIадисазда хьван батула "ХIанчIил бусенгIанасеб мажгит барав чиясецин Аллагьас алжаналъуб хъала бала"-ян абун. Гьелдалъун дие абизе бокьун буго щивав чияс хIаракат бахъине кколин гьаб центр баялъулъ кинаб бугониги гIахьаллъи гьабизе. Гьеб букIина, ин Ша Аллагь, Аллагьас нилъее бараб хъалалъунги. Садакъаялъ абуни чорхолъан гIузраби ва тIаде рачIунел балагьал нахъчIвала.
Биччанте Аллагьас жакъа Аварагасул (с.гI.с)цIаралда балеб мажгиталда данделъараб гIадин, ахираталда алжаналдаги данделъизе хьван батизе нилъее. Аллагьас тавфикъги кьеги нилъее лъикIаб гIамал гьабизе.
—Жакъа нилъер зиярат кIудияб буго. Нилъ киналго гьаб бакIалда ракIарун ругониги, дида кколеб буго, божилъи лъилниги букIинчIин тIокIаб кибниги гьечIеб проект нилъер Дагъистаналда гIуцIизе букIиналда. Дие цIакъ рекIее гIуна цIорой-квач лъачIого гIадамаз рухIияб центр баялда гьабулеб бугеб жигарчилъи. Баркала буго щивав чиясе ва хасго Болъихъ районалъул вакилзабазе жакъа гьанире рачIиялъухъ ва гьабулеб кумекалъухъ. Аллагьас къабул гьабеги нилъер щивасул лъикIаб гIамал, гьабураб садакъа, - ян абуна пачалихъалъул жамгIияб Советалъул председатель Шамсудин Асланхановас.
ГIолохъабазул рахъалдаса Саритов МухIаммадица абуна:
— Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь. Хириял диналъул вацал, жакъа нилъ данделъун руго бусурбабазул рухIияб центр балеб байданалда. Кидаго гьадинал бакIазда ва гьадинал гIиллабаздалъун данде ракIаризе хьван батаги нилъее. Нилъеда гьаниб гьабулеб кIудияб хIалтIи бихьулеб буго. КъваригIараб щиб бугин гьикъани, дица абила къваригIун бугин нилъ щивас гьаб центр баялда гьорлъ гIахьаллъи гьабизе: киналго, цадахъ рекъон, хIалтIулезе кумек гьабизе.
Цолъиялда, вацлъиялда, гьудуллъи-гъункиялда гьаб бакIалда кIварас кIвараб гьабун квербакъи гьабизе. Дида ккола щивасда лъалин Ибрагьим авараг(гI.с) цIадаве рехараб мехалъ цIунцIраялъ гьабураб жоялъул къиса. Гьеб гьитIинаб цIунцIраялъ кIалдибе босун лъим баччулеб букIун буго цIа свинабизелъун.
Дур гьитIинаб кIалалъ баччараб лъималъул пайда гьечIин кутакаб- цIаялъеян абидал, гьелъ жаваб гьабуна: "БетIергьанас ахир къиямасеб къоялъ жиб бахъизабидал, ва жиндир Авараг (гI.с) вухIулев мехалъ щиб дуца гьабурабин цIехедал, гьабжониги дица гьабунин, БетIергьанасда цебе гIузру букIина дир,"-абун.
Аллагьас нилъ киназего тавпикъги къуватги кьеги гьедигIанасебгIаги гьаб централъе гьабизе.
ДугIа гьабун, алхIам цIалиялдалъун гьеб зиярат ахиралде щвана.

**Мадина МухIамадова**

**РухIиял церехъаби**

# ШАМИЛИЛ НАИБЗАБИ

***Цебегоялдаса Шодрода росу машгъураб букIана гIалимзаби жанир гIураб росу хIисабалда. Гьелъие къучIаб хIужжалъун ккола зулму-хIалалъулал лъеберабилел соназда диниял церехъабийиланги абун 60 чи туснахъалде витIи, гьезул 18-яв тIагIана араб бакI лъачIого. ГодекIаниб лъун буго гьедин тIагIаразул цIарал хъвараб зани. Гьел балагьал соназда годекIанир рухIун руго росдал бечедаб хазина-диниял тIахьал.***



**1877 сон**



**2020 сон**

***Шамил имамасул заманалда шодродисез гIахьаллъи гьабуна АхIул гохIалда, СалтIа, ГIандиб, Чачаналда ккарал рагъазулъ. Шодрода гIумру гьабуна имамасул кIиго наибас. Гьезул дагьаб гIатIидго бицинеги бокьун буго.***



**Наиб ХIамзатхIажи**

Гьаб сураталда вихьулев Шамиль имамасул наиб ХIамзатхIажи гьавун вуго 1800 соналда ГIанди округалъул тIехI-нуцаллъиялъул ракьалда бугеб Шодрода росулъ, бергьун гIараб гIелму цIаларав Салман къадиясул хъизаналъе. Эбел гьесул йикIана шубутисезул ЧIантIиб абулеб росулъа чачанай. Хадув, кIудияв гIедал, чIужуги ХIамзатица эбелалъул росулъа чачанай ячана.

Эменгун ва жиндаса къогогIан соналъ кIудияв вац ИбрагьимхIажигун балугълъиялде вахиналдего ана хIежалде. КIудияв вацги вукIана гьесул сверухълъиялдаго мушгъурав цIаларав гIалимчи. Гьесул хабаде жакъагицин хьвадула зияраталъе гIадамал. ТIоцебесеб дандчIвай Шамил имамасулгун ХIамзатил ккун буго 1839 соналъ АхIул гохIда битIиги ккечIого Шубутиве имам вачIиндал. Гьеб заманалда эбелалъул росулъ ЧIантIив дибирлъи гьабулев вукIарав ХIамзатхIажихъ гьоболлъухъ рещтIун вукIун вуго жиндирго муридзабигун Шамилил машгъурав наиб Хунзахъа Ахъбердил МухIамад. Ва гьесдасан имамасулгун лъай-хъвай ккунги буго. Шамил шубутисезул ракьалда вугебгIан мехалъ ХIамзатхIажи вукIун вуго гьесул тилмачилъун. Бицен буго имамасдаги чачаназдаги гьоркьоб гьогьен кколеб гIадаб хабар бугони гьес лъутIакъотIун рекъезабун буссинабулеб букIанин. Амма лъабго соналдаса хадуб чIарбилал квегъулелъул имамас ХIамзатхIажида ракIалде щвезабун буго ва абурабила: "Дир каламалда дуца нах бахунилан гьал кверде рачIинаро. Гьениб ярагъги хIалтIизабизе ккола"...-ян.

1843 соналда чачаназул чIарбилазул тIалъи квегъизе вачIарав имам кIиго нухалъниги Шодроде гьоболлъухъе щун вуго. ДандчIваялдаса хадуб ХIамзатхIажилги Шамилилги цоцаздехун рокьи-хинлъи бижун буго, гьевги ва цо чанго росуцоявги имамасул боде гъорлъе лъугьун руго. 1847 соналда ГIандиб ва СалтIа ккарал рагъаздаса хадуб гьениб ХIамзатхIажица рихьизарурал бахIарчиял ишазе гIоло имамас гьесдехун кIудияб божилъи гьабун буго ва гьев тIамун вуго ГIанди округалда бугеб тIехIнуцаллъиялъул (гьанжесеб АнсалтIа участкаялда) наиблъун.

Хадуб цо-кIиго соналдаса гьесул бетIерлъиялде гъоркье ккун буго Чачанлъиялъул вилаят: чIарбилалги, тIад буртиялги ва чIантIисезул росабиги.

ХIамзатхIажи вукIун вуго жиндир гIезегIан къадруги, къо-асги бугев чи. Гьев вукIанила гIакълуги камилав, каламги гьуинав, чиясда бадиб рагIи абулев бихьинаб хасияталъул инсан.

ХIамзатхIажил рукIана жидер къадру къимат борхалъуде бахарал хъизан-лъимал: щуго васги,ункъго ясги. КIиго васасги цо ясалъги жидерго гIумру насиб гьабуна диналъе. Гьел хIежалъул ракьалда хвана. Гьесул бищун гьитIинай яс СалихIатхIажияй йикIана СалтIаса шейх УзунхIажил лъадилъун. ХIамзатхIажи ичIго нухалъ ун вуго хIежалде. Ахирияб нухалъ хIежалде щведал имам Шамилгун дандчIван вуго. Шамилица цIакъго тIадчIей гьабун цIехон буго Дагъистаналда ва чачанлъиялда бугеб ахIвалхIалалъул, мугIрузда ругел чачаназул диналдехун бугеб бербалагьиялъул.

ХIамзатхIажи хун вуго, гьесул хабада лъураб къанида бугеб хъвайхъвагIаялда рекъон, гьижраялъул 1302 соналъ, ай 1879 соналъ. Вукъун вуго Шодрода росулъ. Хирияв къояз камуларо гьесул хабаде зияраталъе рачIунел чачаналги.

**Наиб Халид-Апанди**



Биценалда рекъон Халид вукIун вуго имам Шамилидаса щугоанлъго соналъ кIудияв. Гьев гьавун вуго гIага-шагарго 1792 соналъ ГIанди округалъул КIаратIа росулъ. Лъимерлъиялдасаго эбел-инсуца гьесие кьураб цIар Къукъулав абун букIун буго. ГьитIинго цIализе кьун вукIун вуго машгъурал гIалимзабазухъе. Машидат ГъайирбеговалЪ жиндирго "Имам Шамил" абураб поэмаялда хъвалеб буго: "Жигар-жаналъул рахъалъ жинда бащадав чи гьечIин абулев, нартав гIадинав наиб вукIун вуго Къукъулав" абун.

Хадубги поэмаялда гьелъ гьадин хъвалеб буго:

"ГIемер рагъуй гъунар
Бергъарав Къукъуласде
Инсуца ахIараб цIар
Имамас хисун буго.

Хайбар хъала бахъарав
Багъадур Халидил цIар
ЦIакъ рекъолин дудаян
Лебалаб цIар лъун буго".

Кинха шодродисезулгун Халидил гIагарлъи бижараб?

1847 соналъ СалтIа рукIарал рагъазулъ Халидил лъай-хъвай ккун буго ХIамзатхIажилгун. БахIарчияс бахIарчи цIехолин жиндирго гъудуллъунан абухъего, гьел кIияздаго гьоркьоб кIудияб гъудуллъи ккун буго. Халидица ячун йиго ХIамзатхIажиясул гьитIинай яцги. Гьелдалъун лъугьинчIо гьезул ригьнал бухьен. Таманалго соназдаса лъимал кIудиял гIедал ХIамзатхIажил вас Салман-къадие ригьин гьабула Халидил (Къукъулав) яс Бахулгун.

Салман-къади вукIун вуго бергьун цIаларав гIалимчи. Дибирлъунги къадилъунги хIалтIун вуго ЧIантIиб абулеб росулъ. Гьев хун вуго гIолохъанго.

Бицен буго, Салман-къадиясул жаназа босун унел хIорил рагIалде щведал, магIирокъоса руччабаз хабар битIун бачIун бугила хварасе вас гьавунилан рохел бицеян. Гьеб рохел бицине росдал дибирас малиги гIодоб лъезабун, хварасул гъурмадаса мусруги нахъе гьабун, гIинде щурун буго: "Салман, дуе вас гьавунилан". Гьеб мехалъ гьесул гъурмаде гьимиялъул гIаламат рехарабила.

Кавказалъул рагъ лъугIун хадуб, ай 1860 соназда Халид тIамуна Дагъистаналъул кIудияв диванбеглъун (судья) Шамил имамас кьураб цIаралдеги тIаде халкъалъ жубана Халид-апанди абун.

**Салман ХIасбулаев,**
**Шодрода росу.**

# БукIине буго конкурс



*ГIабдула Герейханов гьавуна ва гIуна РикIвани росулъ. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун цIализе ана ЧIикIаб росдал СагIид-афандиясул цIаралда бугеб исламияб институталде.*

*ХIалтIана Муфтияталда рагьун бугеб фетвабазул отделалда. Жакъа къоялда цIалулев вуго ДГИялъул теологиялъулаб факультеталда.*

*Дагьал церегIан къоязда гьев тIамуна Болъихъ бугеб "Отдел просвещениялъул" нухмалъулевлъун.*

**ГIабдула, тIоцебесеб иргаялда баркула дуда цIияб хъулухъ. Аллагьас икъбалги къуватги кьеги рекIелъ бугеб мурад рагIалде бахъизе.**

-Баркала.

**Кинаб ахIвал-хIалалда буго жакъа районалда динияб бичIчIикьеялъул суал. БукIунищ рачIине бокьуларого, данде кколарин нахъ тIамизе гIамал гьабулел идараби?**

-АльхIамдулиллагь. Щибаб идараялъ ниж цIакъ лъикI къабулги гьарула. ХIатта нижее хIажатал шартIал чIезаризегицин хIаракатги бахъула.

**-Аслияб куцалда кинал суалазда тIасан нужеца вагIзанасихIат гьабулеб?**




-Адаб-хъатир, диналъул вацъяцалгун гIамал рекъон хьвади ва гьединго раккарал суалазе жавабалги кьола.

**-Жакъа республикаялдаго Муфтияталъ рагIинабун буго "Основы религии и жизнеописание пророка Мухаммада (с.т.гI.в)» абураб тIехьалда тIасан конкурс. Нилъер районалда тIобитIизе бугищ гьеб?**

-Узухъда, Аллагьас хъван батани. Конкурс ине буго лъабго этапалда. ТIоцебесеб тIобитIизе буго 27 декабралъ гIумру гьабун ругеб бакIалда, кIиабилеб-10 январалъ шагьаразда ва районазул центразда, лъабабилеб -17 январалъ-МахIачхъала шагьаралда. Гьениб гIахьаллъи гьабизе бегьула бокьарав чиясригьалъул, жинсалъул батIалъи гьечIого.

Бергьаразе рихьизарун руго сайгъатал. Гьаб бакIалдаго абизе бокьун буго динияб лъай щвеялъулъ бергьарав къурав вукIунаро. Кинаб къадаралда лъаниги, финалалде ворчIаниги ворчIичIониги, гьеб ккола кIудияб рухIияб бечелъи, дунялалъул киналниги бечелъабаздаса хирияб хазина. Щай гурого, Аллагьги гьесул Расулги (с.т.гI.в.) лъаялда бащадаб букIуна гьезде бугеб рокьиги, Аллагьасдаса бугеб хIинкъиги. Аллагьас тавфикъ кьеги щивав чиясе гьеб лъикIаб ишалъулъ гIахьаллъи гьабизе.

ТIахьал хIажатаз росизе бегьула "Рисалат" тукадаса яги ахIе нижехъе. Гьединго электронияб версия буго Муфтияталъул сайталда.

**Баркала ГIабдула, дагьабги гIатIидаб баян щвезе яги гьеб конкурсалда гIахьаллъизе рукIин лъазабизе бокьарав чияс щиб номералде ахIизе бегьулеб?**

Гьес ахIизе бегьула гьаб хадуб рехсараб номералде **89896693732.**

**-Баркала гара-чIвариялъухъ.**

**З. МухIамадова.**

# ЦIалдохъабазулгун дандчIвай

*Дагьал церегIан къоязда отдел просвещениялъул нухмалъулев ГIабдула Герейханов дандчIвана РахатIа, Шодрода ва Болъихъ №3 гьоркьохъеб школазул цIалдохъабигун. Гьениб кIвар кьураб суал букIана эбел инсулгун чIахIиязул, мугIалимзабазул адаб гьаби. Гьединго Герейхановас лъимал ахIана къваригIел гьечIеб, метер кIиябго рокъоб жаваб кьезе кколеб рагIи абичIого теялде. «Аллагьасда ва ахираталда иман лъурав чияс лъикIаб рагIи абе яги вуцIцIухIун чIа, жиндир мадугьаласул адаб гьабе ва гьобол лъикI къабул гьаве»-ян абураб хIадис буго нилъер аварагасул(с.т.гI.в) абуна ГIабдулаца. Гьединго такрар гьабуна «Аллагьасул разилъи- эбел-инсул разилъиялъулъ ва Аллагьасул ццин -эбел-инсул ццидалъ» хIадис. Хьул буго нилъер лъимал малъараб босулел ратиялда.*



**Шодрода гьоркьохъеб школалда**



**Болъихъ гьоркьохъеб №3 школалда**



**РахатIа гьоркьохъеб школалда**

# Решение

**От 27 ноября 2020 года с.Кижани № 10**

***«Об избрании главы сельского поселения «село Кижани»***

**В соответствии с частью 2.1 статьи 36 Федерального закона от 06.10.2003 года № 131- ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», ст.2 Закона Республики Дагестан от 16 марта 2015 г. № 26 «О внесении изменения в статью 2 Закона Республики Дагестан «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов Республики Дагестан и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан», ст. 30 Устава сельского поселения «село Кижани» и на основании решения конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Кижани» от 27 ноября 2020г. № , Собрание депутатов сельского поселения «село Кижани» решило:**

**1. Считать избранным на должность главы сельского поселения «село Кижани» Омарова Шахбана Камиловича, 1965 года рождения, образование высшее, проживающего в с. Кижани Ботлихского района РД.**

**2. Направить настоящее решение в Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район».**

**3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Дружба» и разместит на сайт сельского поселения «село Кижани» в сети интернет.**

**Председатель собрания Исмаилов И.Ш.**

# Решение

**От 27 ноября 2020 года с.Тандо № 14**

***«Об избрании главы сельского поселения «село Тандо»***

**В соответствии с частью 2.1 статьи 36 Федерального закона от 06.10.2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», ст.2 Закона Республики Дагестан от 16 марта 2015 г. № 26 «О внесении изменения в статью 2 Закона Республики Дагестан «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов Республики Дагестан и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан», ст. 30 Устава сельского поселения «село Тандо» и на основании решения конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Тандо» от 27 ноября 2020г. №3 , Собрание депутатов сельского поселения «село Тандо» решило:**

**1. Считать избранным на должность главы сельского поселения «село Тандо» Баширханова Назиргаджи Багатаровича, 1972 года рождения, образование высшее, проживающего в с. Тандо Ботлихского района РД.**

**2. Направить настоящее решение в Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район».**

**3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Дружба» и разместит на сайт сельского поселения «село Тандо» в сети интернет.**

**Председатель собрания Сайпудинов С.Х.**

# Лицевые счета новым потребителям газа присваиваются бесплатно

Уважаемые жители республики Дагестан!

В связи с многочисленными запросами новых потребителей газа по вопросу бездействия сотрудников абонентских служб ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по открытию лицевых счетов новым абонентам, просим всех лиц, столкнувшихся с подобными фактами, направлять письменные заявления в адрес руководства ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» на электронную почту info@dagrgk.ru или на номер "Горячей линии" по противодействию коррупции, мошенничеству, хищениям и другим злоупотреблениям в деятельности Общества – 8-800-100-59-90 (звонок бесплатный).

В отношении лиц, допускающих нарушения в исполнении должностных обязанностей по открытию лицевых счетов новым абонентам, будут приняты меры дисциплинарного характера и исполнены мероприятия по организации открытия лицевых счетов в соответствии с действующим законодательством.

Новым абонентам для оплаты за газ рекомендуется использовать возможности дистанционной оплаты: скачать на гаджет и использовать приложение «Мой Газ» или «Сбербанк-онлайн». Также любое время суток произвести оплату без комиссии банковской картой, быстро передать показания счетчика газа можно на сайте компании www.mkala-mrg.ru. Внести плату за газ также возможно через многочисленные терминалы самообслуживания в магазинах и торговых центрах.

По всем вопросам связанным с газоснабжением обращаться в Call-центр ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» - 8-800-200-98-04.




# О проведении общероссийского дня приема граждан

**14 декабря Отделение Пенсионного фонда по Республике Дагестан и соответственно 54 территориальных подразделений ГУ – ОПФР по РД примут участие во всероссийском дне приема граждан, который ежегодно проводится государственными и региональными органами власти.**

**В настоящее время в связи со сложной эпидемиологической обстановкой прием письменных обращений в отделениях фонда ведется по почте или через онлайн-приемную ПФР. 14 декабря с 12 до 20 часов по местному времени это ограничение будет приостановлено и Отделения фонда проведут личный прием обращений по предварительной записи. Записаться на прием можно до 7 декабря включительно. Информацию о приеме Отделением ПФР, включая контактные данные для предварительной записи, можно найти на странице Отделения официального сайта ПФР.**

**Напомним, в соответствии с указом президента о мерах по санитарно-эпидемиологическому благополучию населения продолжительность приема одного человека ограничена до 15–20 минут, поэтому заявителям рекомендуется заранее подготовить текст своего обращения.**

**Без предварительной записи или в случае пропуска назначенного времени территориальные подразделения Пенсионного фонда Дагестана не смогут принять обращение гражданина. Прием также будет невозможен, если у человека повышенная температура или есть другие признаки острого респираторного заболевания: кашель, чихание, насморк и пр. В связи с этим Пенсионный фонд Дагестана рекомендует гражданам с плохим самочувствием, а также соблюдающим режим самоизоляции воспользоваться дистанционными способами подачи обращений в ведомство.**



# ЦIАР ДУР ЛЪАЧIОНИГИ, ГЬУНАР ХВЕЛ ГЬЕЧIЕБ БУГО



2014 соналъ Россиялъул Президент В.В. Путинил Указалда рекъон 3 декабрь рагIинабуна цIар лъаларев солдатасул къолъун.

Гьелда бан районалъул администрациялъул минаялда цебе тIобитIана ЦIар лъаларев солдат ракIалде щвеялъул тадбир. Гьеб бачана культураялъул хIалтIухъан Сабрина Сайпулаеваъ.

ТIоцебе кIалъазе рагIи кьуна районалъул бетIер Р. ХIамзатовасе.

-Хириял ракьцоял, цIар лъаларев солдатасул къо гьеб ккола КIудияб ВатIанияб рагъда тIагIарал щивав солдатасда хадуб бугеб нилъер халкъалъул бухIи.

ЦIар лъаларев солдатасул къо гьеб буго цоги нухалъ нилъеда гьезул бахIарчилъи бихьизабулеб нугI. Гьеб букIине ккола нилъее цолъиялъе ва гьункиялъе дарслъунги. Нилъер тIадаб налъи буго гьел кIочонгутIи, ва гьезул цIаралъе мустахIикъал гIелаллъун рахъи. ГIелаз гIелазухъе кьун цIунизе ккола гьезул гьунар, нилъеда гьезул цIарал лъачIониги, гьунар чIаго буго, гьелъие хвел букIунаро.

Ракьалде щвезегIан бетIер къулула щивав рагъухъанасе.

Нилъер халкъалда рагъ гIицIго кинабаздаса тIахьаздаса гуребги лъала.

Нилъеда гьеб бихьана ва нилъер гIолохъабаз бахIарчилъиги бихьизабуна.

Гьединго тадбиралда кучIдул рикIкIана школалъул цIалдохъабазги.

Гьадинал тадбирал цоги нухалъ далилллъун ккола "Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо" абураб игIланалъе.

# УЛБУЗЕ ГЬАРУЛА САБРУ

***Дагъал церегIан къоязда дир хабар ккана Чанхъо росулъа Таймасханил яс Бахулгун. Гьей ккола 13 лъимадул эбел.***

***-Баху, битIараб бице гьалгониял лъимал гьариялда ракI бухIараб лахIзат рещтIанищ дур гIумрудулъ.***

***Дуца бицунеб щибян лъугьана гьей. Дир руго микьго васги щуго ясги, киналго дие хириялги руго.***

**-Росасе унелъул дур чан сонха букIараб?**

-Дир букIана анцIила анкьго сон. ХIамзаловасул буго гьадинаб кечI: "Ясай мун кин йигей анцIила микьилъ" абун. 18 сонилъ дун йикIана бакъ гIадав васасул эбел.

**Улбузул гIарзал рукIуна цо кIиго лъимергицин гIумрудулъ кин бахъилебали лъаларого ругин: гьезие лъай, минакарт, квен, ретIел-хьит тIолабго гIарцуцайин борцунеб абун.**

Гьеб кинабго Аллагьасде тIамун тани рекъо-решон уна иш. Дир 13 лъимадул бакъун цониги хвечIо. Киналго лъимал школа лъугIун хадур нижеца цIализаруна, васал шагьаралде ритIана, цIализе. Ясалги рукъарулеб махщалие цIализе риччана.

**Мунго хIукуматалъул хъулухъалда хIалтIизе замана батанищха?**

-Дун анцIила цо сонаъ заводалда ва гьелдаса хадуй къоло щугониги сонаъ райпоялда хIалтIана. ХIалтIиги, цIалиги, лъималги кинабго нухда бачине кIола чIужугIаданалда, кьваригIел гьечIеб харбиде машгъуллъун ятичIони.

**Гьанже бугеб законалда рекъон лъабго я гьелдаса цIикIкIун лъимал ругеб хъизан многодетниййлъун рикIкIуна ва гьезие хIукуматалъул рахъалдаса социалияб кумекги букIуна. Дуе букIанищ гьединаб кумекго?**

-АнцIила лъабго лъимерги гьабуна, жеги хIукуматалъул лъималазул бачIунеб пособие тун, цогидаб кумекги бихьичIо.

**Лъимал гIезаризеги, цIализаризеги гьел тIуразеги гIурабго захIмалъиги бихьун батулаха нужее?**

-ЗахIматги букIана, къварилъиги бихьана, Аллагьас кумекги гьабуна.

Гьаб дунялалъул рукъ буго къварилъи-захIмалъи баччизе кколеб туснахъ гIадаб бакI. Лъимал гIемер ругониги, дагь ругониги, гьезего гьечIониги захIмат бихьичIого инсанги хутIуларо.

**Ахир заманаялъ гIагарлъиялда гьоркьобгицин тIагIуна бугеб гьуинлъи кин бугеб дур лъималазда гьоркьоб?**

Рецц Аллагьасе лъимал гIуна гурхIел бугел, гьуинлъи гьорлъ бессарал. Киданиги дие гьезулъ жахIдаги бихьичIо.

**Улбузе гьаризе щиб дуй бокьилеб?**

-Гьанжесеб заманаги бихьун, гIун рачIунел лъималги рихьун, улбузе гьаризе бокьила тIоцебе сабру ва лъимал иман бугел, жиделъ эбел-инсуде гурхIел цIикIкIарал лъугьагиян.



**Гьумер хIадурана Зарият КъурамухIамадовалъ**

Болъихъ №1 СОШалъ 1982 соналъ ХIайбулаева Марзигат СагIидовналъул цIаралда кьураб аттестат Б № 883670 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

Болъихъ №2 СОШалъ 1982 соналъ ИсмагIилова Маржанат АхIмадовналъул цIаралда кьураб аттестат Б 883546 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**


**ГIудуллъи газета гIуцIарал**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**

Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru

**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**

***А. Агъларов***

**Мухбирзаби**

ГI.МухIамадова

З.КъурамухIамадова

М.МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года. ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.**

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**

**Тираж -400 Индекс-51349**

*Заказ №* _____